



## Sètifika medikal – Licencia médica

Li eksplike nòm ki etabli pou jwenn sètifika medikal ak sanksyon pou moun kap bay sètifika medikal ki pa gen fondman.

### ◉ Kisa sètifika medikal la ye?

Se yon dokiman ke yon medsen chirijyen, dantis oubyen yon matròn (fanm saj), oubyen pwofesyonèl sante bay yon travayè ki malad epi ki bezwen tan pou pran yon ti repo totalman (pou l kouche san leve) oubyen pasyèlman (li ka kouche men li ka fè ti mache tou) e konsa pou amelyore sante li.

### ◉ Kisa travayè a dwe fè lè li resevwa sètifika medikal la?

Li dwe revize ke tout enfòmasyon yo ekri korèkteman nan fòmilè a. Siyen sètifika la epi fè li rive kote w ap travay la, swa ou pote li ale pèsonèlman oubyen ou bay yon lòt moun fè sa.

Konsa tou genyen sètifika elektronik, ke yo bay otomatikman sou entènèt e nan kèk ka yo ka voye l nan fòm lèt.

Nan ka travayè endepandan yo, yo dwe fè sètifika a rive jwenn enstitisyon ki dwe otorize li a: nan "Comision de medicina preventiva e invalidez" (COMPIN) oubyen ISAPRE, nan yon delè reglemantè ki koresponn.

### ◉ Ki delè ki genyen pou prezante yon sètifika medikal ?

Travayè sektè prive yo gen yon delè 2 jou abil pou prezante l devan patwon a (jou abil yo se lendi pou rive vandredi, jou ferye yo pa ladan l).

Travayè sektè piblik yo genyen 3 jou abil. Travayè endepandan yo dwe voye sètifika a dirèkteman devan òganis ki koresponn COMPIN O ISAPRE e yo genyen 2 jou abil pou yo bay li.

### ◉ Kisa ki pase si yo pa aksepte sètifika a ?

Si ou enskri nan FONASA, epi COMPIN rejte sètifika w la, ou ka fè apèl ak **Superintendencia de Seguridad social**. Si yon travayè ki enskri nan ISAPRE, li kapab rele COMPIN ki koresponn ak sèvis sante kote travayè a rete a. Delè a se 15 jou abil depi lè yo resevwa dokiman ki sètifye ke ISAPRE rejte sètifika a. Si ISAPRE pa ranpli sa COMPIN mande yo, moun ki kotize a kapab fè apèl ak **Superintendencia de Seguridad Social**.

### ◉ Ki sanksyon yo ka bay moun ki bay sètifika san fondman yo?

"Superintendencia de Seguridad Social" kapab fè l peye amann oubyen yo ka fè moun nan pran 1 an san li pa ka voye yon sètifika medikal.

### ◉ Eske gen sanksyon penal si lajistis fè konnen ke gen yon deli?

Wi, avèk amann ki ka soti nan 25 UTM jiska 725 UTM epi ou riske pran prizon de 61 jou a 5 lane tou depann si zak la grav oubyen konbyen fwa ou bay sètifika san fondman.

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**